18. LÀKKU BITIM-RÉEW FARAAÑSE

Man la Gloria, maay jàŋgale farañse ci ekool bi. Jàŋgale ab làkk roomb na garaameer ba te mooy tërëlinu baat ya, ndax jàŋgale ab làkk mooy jàŋgale nanla nooñ làkk ba di waxe nan lañuy dunde akit seen aada.

Sooy jàŋgale ada bu wutee'k sa aada, ñi koy jàŋgale dañuy jege aada binga leen di jàŋgal. Bu ko defee jegeyoo boobu day waral nga gënë mënë dëkkëk yeneen aada yi, gënë mënë nangu seenu nekk ngir mënë tabax loolu ñuy wax aaday Ërop.

Ci njàŋgum farañse mi dinañ ci jàŋg yeneen gisinu mbir yi ak dundbi, kon ñoom buñu gëstoo bubaax dinañu xamni wute aada yi warul mënë tax kune beru sa ruqq, waaye dafla wara dolli xamxam.

Ci njàŋg mi dinañu jëfëndikoo ab téere bu reetaanelu, amnañu fuñuy déggloo làkk bi, fuñuye defe ay aktiwite, dinañ jëfëndikoo tamit ordinatëer, ak ay téere, ak ay surnaal, dinañ faral tamit di woy, di seetaan itam ay teaatar.

Njàŋg mu mel na ab làkk nga xamni day dund dina la dimbële nga mënë déf ay aktiwité yu xawa wuté tuuti ak yiñiy def

Ñun bu yàgg ba léegi ñigiy weccante aada ak yeneen réew, ay fan yu néew ay eleew yu jóge ca Faraans ci dëkk buñuy wax Tuluus ñëwoon nañ fi. Djàŋgandoo'k ñun ci benn kalaas, léegi xamna ñu dëkk bi, xamna ñu nu askan wi di dunde. Seen ñëw boobu nak nekk na loo xamni duli na ñu lu bare waaye tamit lu neex luñu dul mësë fàtte la.

Dinaleen wax tuuti ci niñiy xame taxawayu eleew bi ci njàŋgum làkk. Loolu ñi ngi koy xame ci sawaram, ci nimuy bookke ci njàŋgmi, ci gëdë bim jox njàŋg mi, akit nan lay jàpalantee'k moroomam yi sudee ligéeyu mbooloola.

Apree amna beneen wàll boo xamni moom gëstu la laaj, ndax xam ngeen ni ab làkk des koy wax, diko bind tamit, kon book eleew yi dañuy wone seen kaye eksersiis, dinañ def tamit ay eksamee yoo xamni dañuy bind ak ay eksamee yoo xamni dañuy wax rekk.waaye lépp ci liñ la jàŋgal lay doon, duñ la laaj mukk loo jàŋgul.

Xam ngeen ni li ëpp njiariñ ci li tax ñuy jàŋg ab làkk mooy ngir ñu mënë wax ak nit ñi, loolu moo tax ñuy jàŋg farañse. Dusax rekk ngir mënë wax ak suñu mbookki farañse waaye tamit ak képp kuy làkk farañse.

Farañse du làkk buñuy wax rekk Farañse amna yeneen réew yu koy làkk. Li am solo daal ci njàŋgum farañse mooy mu am njariñ ba fuñu dajee'k suñu mbookki farañse yi ñu mënë wax ak ñoom .

Fimu toollu nii amna ay eleew yu jógé Afrik ci kaw, di Marok nekk ci suufu Sahara ñëw fii di jàŋgsi. Ñoom dañuy làkk farañse, loolu mën na nekk njariñ lu rëy, di mbir mu rafet ndax dinañ mënë wax ak ñoom, dinañ leen mënë dimbëlé ngir ñu gaawa miin ci dëkk boo xamni bu wutela ak seen bos. Ndax wute googu mën na jur ab soriyantoo waaye làkk mooy tax bëñu mënleena jege mënleena dalal ci anam yu rafet.